


**Jezi Kri kapab sove w pou fè ou jis konye a!**  
Women 10:9, 10, 13 Si ou deklare ak bouch ou devan tout moun Jezi se Seyè a, si ou kwè tout bon nan kè ou Bondye te fè l' leve soti vivan pami mò yo, wa sove. Paske, lè yon moun gen konfyans tout bon nan kè l', se lè sa a Bondye fè l' gras. Lè yon moun deklare ak bouch li devan tout moun li gen konfyans nan Bondye, se lè sa a Bondye delivre li, Se sa ki ekri nan Liv la: Nenpòt moun ki rele non Mèt la gen pou jwenn delivrans.



P.O. BOX 609 • YORK, SC 29745 • 803-684-1535  
WWW.HOPETRACTS.ORG  
Wonderful Truths For Catholics (Haitian Creole) Tract 469

*Bon Jan Verite  
Ki Sorti  
Nan Bibl  
La Pou Zanmi  
Katolik Nou Yo*



**Chè Zanmi Katolik,**

**Bib la se Pawòl Bondye kite ekri pou moun ki plen peche.** Anpil nan paj li yo plen avèk verite ke Bondye vle nou konprann jis pou nou kapab sove. Malgre legliz enpòtan nan plan Bondye a li pa kapab sove w. Ou dwe vin jwenn Jezi se li ki kapab sove ou!

**Kris te fini travay li a sou lakwa yon sèl fwa pou tout tan pou peye pou tout peche nan limanite.**

Li pat pase yon soufrans pèpetyèl men an reyalite yo te souleve imaj li yo. Eske yo pral bezwen sakrifè l ankò? Li se senyè e sovè resisite. Ebre 10:10, 12, 14 ...li ofri kò pa li bay Bondye yon sèl fwa, epi l' fini. Men, Kris la pou tèt pa l' fè yon sèl ofrann san pou tout peche yo, yon ofrann san ki bon pou tout tan. Apre sa, li chita sou bò dwat Bondye. Konsa, avèk sèl ofrann li fè a, li fè moun li netwaye anba peche yo bon nèt pou tout tan.

**Sali a pa yon bagay moun ka jwenn nan fè bon zèv, ni nan fè penitans, ni nan batèm epi menm nan kominyon.**

Sali a se yon kado gratis ki soti nan gras Bondye. Tit 3:5 li te delivre nou. Li pa t' delivre nou paske nou te fè kèk bagay ki bon, men paske li menm li te gen pitye pou nou. Li delivre nou lè li lave nou, li voye pouvwa Sentespri li nan nou pou chanje nou nèt, pou n' te ka viv yon lòt jan. Efezyen 2:8-9 Se paske li renmen nou kifè li delivre nou, nou menm ki mete konfyans nou nan li. Sa pa soti nan nou menm menm, se yon kado Bondye ban nou. Non, nou pa fè anyen pou sa. Konsa, pèsonn pa ka vante tèt yo.

**Pa gen prèt sou late ki gen pouvwa pou padone peche w yo.**

Se sèlman Bondye ki gen pouvwa pou padone peche, epi Jezi se Bondye nan lachè. Mak 2:10 Enben, m'ap fè nou konnen, mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a, mwen gen pouvwa sou latè pou m' padonnen peche. Lè sa a, Jezi di nonm paralize a 1Timote 2:5 Se yon sèl Bondye a ki genyen. Se yon sèl moun tou ki mete lèzòm dakò ak Bondye ankò, se Jezi, Kris la.

**Sèlman Jezi ki kapab ban nou aksè a Bondye Papa a.**

Jan 14:6 Jezi reponn li: Se mwen menm ki chemen an. Se mwen menm ki verite a, se mwen menm ki lavi a. Pèsonn pa ka al jwenn Papa a si li pa pase nan mwen. Travay 4:12 Se li menm sèl ki ka bay delivrans paske Bondye pa bay non okenn lòt moun sou latè ki kapab delivre nou. Ni Mari, ni pap la, ni sen yo pa kapab sove w.

**Lè ou mouri ou prale swa nan syèl oubyen nan lanfè.**

Pa gen okenn plas ki rele pigatwa. Mo sa a pa janm parèt nan Bib la epi yo pa te janm pale de yon kote konsa.

**Destinasyon w p'ap ka chanje aprè ou fin mouri.**

Ebre 9:27 Tout moun gen pou mouri yon sèl fwa, apre sa, Bondye gen pou jije yo. Moun yo kite resevwa Jezi nan lavi yo, yo pral pase letènite avèk li nan syèl la epi si la yo ki pa te resevwa Jezi kòm Senyè, yo pral soufri nan letan dife a pou tout tan. Revelasyon 20:15 Tout moun ki pa t' gen non yo ekri nan liv ki gen non moun ki gen lavi a, yo jete yo nan letan dife a tou.